UO‘K 004
KBK 94
O‘ 17
2026 / 1 (3)

**Rashid Usnatov**

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat instituti
«Muzıkalı teatr óneri» kafedrası professor u.a.
E-mail: usnatov76@gmail.com*

# TEATR KÓRKEM ÓNERI PEDAGOGIKASINDA SÓZDIŃ HÁREKETI ÚSTINDE ISLEW

***Аннотация.*** *Bul maqalada teatr san’ati pedagogikasında sóz ústinde islew, onıń háreketin tabıw, tereń mağanasın anıqlaw máseleleri haqqında sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *tekst, sóz astı mánisi, elesletiw, mazmun únlesligi, anıq aytıw, sóylew texnikası, dawıs, dem alıw, sóz háreketi, sózdiń tásirliligi.*

# WORKING ON THE ACTION OF THE WORD IN THEATRE ARTS PEDAGOGY

***Abstract.*** *This article examines working with words in theater arts pedagogy, identifying their actions, and determining their deep meanings.*

***Keywords:*** *text, subtext, imagination, unity of content, clear articulation, speech technique, voice and breathing, verbal action, effectiveness of speech.*

Aktyordıń eń tásirli qurallarınan biri onıń dawısı hám sóylewi bolıp tabıladı. K.S.Stanislavskiy hám onıń izbasarları sóz háreketine úlken itibar bergen. Betxoven shıǵarmaların úsh notada atqarıp bolmaydı. Shekspir shıǵarmaların saxnalastırıwda miynettiń tórtten úsh bólimi sóz ústinde islewge ketkenindey, Moler, ózbek klassikalıq dramaturglari: S.Abdulla, M.Shayxzoda, I.Sulton, Uyǵun, Áliysher Nawayınıń shıǵarmaların tamashagóyge jetkeriwde sózdiń ornı teńsiz. Ókinishke bola etyud ústinde islew procesiniń ózine tán kemshilikleri de bar. Tábiyǵıylıqqa erisiw, turmıslıq haqıyqattı izlew maskası astında búgingi saxnamızda ádebiy normalarǵa ámel etpeytuǵın, mazmunsız, ańsat, ápiwayı sóylew ústinlik etpekte. Saxna sózine, onıń teatrǵa tán bolǵan tásir kúshi mázi ótkinshi gáp emes. Shıǵarma ústindegi etyud kórinisine ie fizikalıq háreketler tabıw jolında izleniwler alıp barıp atırǵan rejissyor, avtor tárepinen berilgen sózlerge ótiw procesinde saxna sóziniń bay múmkinshilikleri, onıń kórkem ańlatılıwın hesh qashan umıtıp qoymawı kerek.

UO'K 004
KBK 94
O' 17
2026 / 1 (3)

Atap ótkenimizdey, dramalıq teatr kórkem ónerinde saxnalıq háreketti tamashagóyge jetkerip, túsindirip beriwshi eń tiykarǵı qural-bul sóz bolıp sanaladı. Nemirovich-Danchenko "Sóz-dóretiwshilik tajı" dep biykarǵa aytpaǵan. Aktyorlıq óneriniń teoriyası, sózge óziniń kóz qarasınan kelip shıǵıp jantasadı. Ol sózdi tásir etiw quralı, yamasa "sóz háreketi" sıpatında úyrenedi. Bul teoriya aktyorlıq kórkem óneriniń ózine tánligin, onıń talaplarına súenedi. Adam sanasına tásir etiwshi eń kúshli quralı sıpatında, sóz, obraz jaratıw procesinde logikalıq háreketke tiykarlanǵan aktyor dóretiwshiliginde úlken áhmietke ie. "Sóz háreketi" aktyordıń barlıq háreketlerinen eń kerekli hám eń tásirsheń háreketi bolıp esaplanadı. Aktyor partnyorınıń sanasına sóz arqalı qanshama ustalıq penen tásir etse, tamashagóy de sonshelli tásirlenedi. Aktyorlıq ónerinde sóz qúdireti bahasız esaplanadı. Aktyor sóz arqalı partnyorınıń qıyalına tásir etedi, onıń ishki aynasına zárúr kórinisti payda etiwge umtıladı. Partnyordıń "Qulaǵı ushın emes, kózi ushın" háreket etiw kerek, deydi K.S.Stanislavskiy. Demek, óz qıyalındaǵı pikir-kórinislerin partnyordıń qıyalına sińdiriwge háreket etiw zárúr.

Háreket – erk-ıqrarlı usıl esaplanadı. Háreket – fizikalıq, sóz arqalı hám de pikir iskerligin óz ishine aladı. Bul processler óz-ara baylanıslılıqta ótedi.

Sóylew, aytıw – háreket etiw degeni. Óz qıyalımızdı basqalarǵa sińdiriw maqsetimizdi aktivlestiredi. Basqalar siziń qıyalıńızdaǵı kórinisti kóre me yaki joq pa bunıń kerekliligi siz ushın áhmietli emes. Bul tábiyat hám sananıń astı kúshlerine baylanıslı. Siz ushın maqsetińizge erisiw, partnyor qıyalına tásir etiw qálewi, nieti bolsa boldı. Qálew, niet bolsa háreketti qozǵaltadı. "Tamashagóy aldına warsaqı gáp aytıp shıǵıp ketiw hám sóz arqalı tásir etip háreket etiw bul pútkilley basqa-basqa nárseler sanaladı. Birinshi situaciyada bul "aktyorlıq" etiw, ekinshi situaciyada insan sıpatında janlı atqarıw degeni esaplanadı" [1, 125-b].

Sóz arqalı bolatuǵın háreketttiń úsh shárti bar:

1. Sóz astınıń mánisin anıqlap, garmoniyasın mazmunına qarap tabıw.
2. Elesletiw – birlemshi esaplanadı.
3. Sóz háreketiniń úshinshi shárti – sóylew texnikası.

UO‘K 004
KBK 94
O‘ 17
2026 / 1 (3)

Sózdi garmoniya menen oqıw, úyreniw, yadlap alıw usınıs etilmeydi.Tek qıyalımızdağı simvoldıń múnásibeti, háreketi, maqset hám sebeplerge tiykarlanıp sózdiń túp mánisin jetkeriw múmkin. Berilgen tárepler arqalı pikirlew lazım. Insan dawısınıń tartımlılıǵı, gózzallıǵı hám tásirsheńligi sóz hám pikirdi kewilden kewilge baqırmay-shawqım salmay, tábiyǵıy dawısta jetkeriwge de baylanıslı.

Aktyor óziniń sózlerine qanshama sırtqı garmoniya bermesin, qanshelli óziniń sezimlerin qozǵawǵa háreket etpesin, qanshama olardı óz basınan “keshiriw”ge urınbasın, egerde óz elesletiwinde aytıp atırǵan nársesin kórmese “sóz arqalı háreket”ke erise almaydı. Sózge bile tura intonaciya beriw, jasalmalılıqqa, deklamaciyaǵa alıp keliwi hámmege málim. Sonıń menen birge, aktyor óz dawısınıń únlesliligin bayıtpasa, olardan paydalanıwdı bilmese, sóz háreketi logikasınıń qıyın payıtlarında kerek bolatuǵın anıq hám túsinikli etip sóylewdi ielewi múmkin emes. Sol sebepli, ol óz sóylewiniń ırǵaǵına, intonaciyasına  ayrıqsha itibar qaratıwǵa májbúr boladı.

Sırtqı qurǵaq intonaciyalardan qutılıw ushın aktyor dawıs ırǵaǵın hárekettiń tásir kúshine aylandırıwı lazım.

Aktyorlar ónerge aylandırǵan bul sıyaqlı unamsız illetlerge qarsı gúresiw kerisinshe halatqa da alıp kelgen hám alıp kelmekte. Saxna sóziniń garmoniyalılıǵı, anıq hám tegisligine itibarsızlıq nátiyjesinde sóz óziniń tásir kúshin joǵaltpaqta, saxnadaǵı sóz háreketleri mıljıń bolıp, shıǵarmanıń mazmunına unamsız tásirin tiygizbekte.  K.S.Stanislavskiy aktyorlardan mazmunlı, tásirli háreketlerdi talap etip kelgen, atap aytqanda sózdiń tartımlılıǵına úlken itibar qaratqan. Biraq, ol tuwrıdan -tuwrı qurǵaq intonaciya ústinde islewdi biykarlaǵan. Intonaciyalar maqset hám wazıypalardan kelip shıǵıp, júdá qattı jańlaǵan bolıwı emes,  olar janlı háreketke boysınǵan bolıwı dárkar.

K.S.Stanislavskiy bunday intonaciyalardıń tuwılıw nızamların belgilep ketken. Egerde, aktyor bul nızamlarǵa boysınǵan halda dóretiwshilik etse
(sanalı – ıqtıyarlı yaki sananıń astı – ıqtıyarsız halda) ol sóz arqalı aktiv háreket ete aladı. Basqasha etip aytqanda, garmoniya forması háreket mazmunınan kelip shıqsa

UO‘K 004
KBK 94
O‘ 17
2026 / 1 (3)

janlı, maqsetke boysınǵan, haqıyqıylıq túrin aladı. Egerde, insan óziniń maqsetine jetisiw procesine jan kúydirse, aytıp atırǵan sózlerine biypárwa bolmasa hám bul sózler kewlin lárzege salsa, onıń sóylewi de tásirli, dawısı bolsa únleslikke bay boladı. Óziniń alǵan tásirleniwlerin qızǵın túsindirip bermekshi bolǵan insan dawısınıń pútkil kóleminen (diapazonınan) paydalanıwǵa háreket etedi.Tek únlesliklerdiń túrli reńlerinen emes, qarama-qarsı reńlerden de paydalanıw sóylewdiń sáykesliligin bayıtadı.

Qıyaldaǵı kórinisler – birlemshi sanaladı. Aktyor qolına alǵan rol tekstinde pesa qatnasıwshısı qıyalınıń nátiyjesi berilgen, al, qıyaldaǵı kórinisler tekst artında qalıp ketken boladı. Egerde, aktyor tekstti jaqsılap úyreniw, sóz astı mazmunların ashıw arqalı, usı qıyaldaǵı kórinislerdi tiklemese, egerde onıń hár bir gezektegi atqarıwında, hár bir sózinde bul kórinisler qıyalında tiklenbese, bunday aktyor sóz arqalı partnyor hám tamashagóylerge tásir ete almaydı.

Sóz arqalı baylanısqa kirisiw procesinde elesletiwdiń ornı tiykarǵı áhmietke ie boladı. Rol, yadlaw arqalı emes, elesletiwdiń arqasında ózlestiriledi. Elesletiwdiń ilajı bolǵanınsha qızǵınlastırılıwı, berilgen sharayattı keskinlestiriwi aktyor túsindirip beriwiniń belgisi sanaladı. Dóretiwshiniń qábiletiniń dárejesin onıń elesletiw hám qıyal etiwiniń potencialı belgileydi. Dóretiwshilik potencial bolsa tásirsheńlikke, elesletiwdiń qúdiretine baylanıslı. Ádette, kóz aldımda kórgenimdi-aytıp atırman háreketler bir-birine say keledi. Ayırım payıtları kórgenim menen aytqanım bir-birine say kelmeydi. Bir nárseni kórip turman, basqa nárseni aytıp atırman. Óz-ara múnásibet waqtında gúrrińlesiwshińizdiń qıyalın oyatıw kerek boladı. Basqasha etip aytqanda, gúrrińlesiwshińizdiń qulaǵına emes, “kózine”, qıyalına, elesletiwine tásir ótkeriw zárúr. Rol ústindegi jumıstıń dáslepki basqıshında, qaharmannıń kelbeti ele qıyalımızdan alısıraq bolǵanı ushın, qaharman hám ózimizge jaqın bolıp berilgen sharayatlarǵa múrájat etkenimiz maqsetke muwapıq boladı. Bunda, etyud arqalı berilgen sharayatlardı áste-aqırınlıq penen ózlestiriw, bayıtıw hám elesletiwdi oyatıw názerde tutılmaqta. Álbette, qaharmanǵa tán bolǵan elesletiw kórinislerin birden oyatıw, biraz qıyın boladı.

UO‘K 004
KBK 94
O‘ 17
2026 / 1 (3)

Tamashagóy hám esitiwshi sóz arqalı saxnada júz berip atırǵan processtiń mánisin ańlap baradı.

Simvol – obrazdıń tásirliligin jaratıw procesinde, sóylew texnikası úlken áhmietke ie. Ol saxna sóylewiniń tiykarǵı faktorlarınan biri. K.S.Stanislavskiy, obraz ishki dúnyasın qızǵın hám anıq ańlatılıwında simvolǵa say dawıs hám sóylewden paydalanıwǵa úlken itibar bergen. “Keshirme” mektebi aktyorı tek dawıs hám sóylew texnikasın ielegende ǵana ózinde bolıp atırǵan obraz keshirmelerin túsindirip beriwi múmkin. Egerde aktyordıń dawısı ózine boysınbasa, imkaniyatları tómen bolsa, sóylewi tegis bolmasa, dikciya hám orfoepiyalıq normalardan uzaq bolsa, aktyor atqarıwında forma hám mazmun
bir-birine qarsı keledi hám “keshirme kórkem óner”iniń mánisi buzıladı.

Sóylewinde kemshiligi bar bolǵan aktyor partnyor sanasına tásir etiw procesinde mashqalalarǵa dus boladı, sebebi, sóz arqalı aytılatuǵın pikir hám tásirleniwlerin jetkerip beriwge qıynaladı. Sóz aytılıwınıń buzılıwı mazmunǵa zıyan jetkeredi. Egerde aktyorda sóylew nuqsanları bolmasa da sózdiń únles dawısların jalmap, únlilerin qısqarttırıp aytsa, aytılıwı anıq bolmasa, demek ol birinshiden, aytqan gápi ne haqqında ekenligin qıyalına keltire almay atırǵanlıǵı yaki sózler ne maqsette aytılıp atırǵanlıǵın bilmeytuǵınınan dárek beredi. Ekinshiden, ol sóylew texnikasın ielemegen boladı. Usıǵan uqsas barlıq situaciyalarda aktyor óziniń qıyalındaǵı kórinislerdi sóz arqalı túsindirip beriwge ázzilik etedi. Sóz tásiriniń kúshi júdá áhmietliligin ańlaǵan halda barlıq teatr bilimlendiriw oqıw orınlarında “Saxna sózi” pánine jeke túrde oqıtıw ushın saatlar ajıratılǵan. Bul sabaqlarda bolajaq aktyor hám rejissyorlardı sóz háreketi hám onıń tásirliligin asırıwǵa qaratılǵan joqarı texnikanı ielew wazıypası qoyılǵan. Biraq, usıǵan qaramastan saxna sóziniń búgingi awhalı aytarlıqtay jaqsı emes. Bul jaǵday da obektiv hám subektiv sebeplerge baylanıslı. Obektiv sebepler: tábiyǵıy jaǵday, teatr óziniń rawajlanıwında estetikalıq qaraslardı zaman talaplarına say ózgerttirip barıwǵa májbúr. Kinematografiya, televidenie tásiri astında tamashagóylerdiń qabıl etiw talabı, talǵamı ózgergen hám teatr dábdebeli, deklamaciya, teatrlıqtan waz

UO‘K 004
KBK 94
O‘ 17
2026 / 1 (3)

keship, tábiyǵıylıqqa, turmıslıq haqıyqatlıqqa, naturalizmge talpına basladı. Bul saxna sóylewine de óziniń tásirin ótkerdi. Biraq, ekilemshi kórkem óner dep júrgiziletuǵın rejissura hám aktyorlıq kórkem ónerinde anıq nızam hám qaǵıydalarsız, ishki túsinik hám sezgilerge súenip dóretiwshilik etiw “múmkin” degen pikir júrse /sebebi, bul kórkem ónerler dramaturgiyaǵa tiykarlanǵan hám tayar sózdi qalqan etip alıwı múmkin, “Saxna sózi” páni belgili áhmietli qaǵıyda hám nızamlarǵa baǵınadı. Dem alıw hám dawıs qoyıw, aytıw-dikciya, orfoepiyalıq normalar haqqında túsinikke ie bolıw azlıq etedi, olar haqqında anıq bilim hám kónlikpelerdi ielew, tájiriybe arttırıw oǵada kerek. Qánige bolmay turıp, anıq bilim hám kónlikpelerdi ielew, tájiriybe arttırıw da áhmietli. Qánige bolmay aq, sóylew haqqında pikir júrgiziw múmkin. Dawıs bar ma, joq pa, sóylewi tegispe joq pa, gápti aytıwı tuwrı ma joq pa bulardı hámme seziwi múmkin. Biraq, sóylewdiń názik táreplerin tek ǵana qánige anıqlawı múmkin. Aktyordıń dem alıwı durıs qoyılǵanlıǵı, dawıstıń qaytarǵıshlarǵa baǵdarlanǵanlıǵı, jańlawı, kólemi keńligi; maqset, háreket, oylawına boysındırılǵan únlesliksleriniń reńbe-reńligi; tekst ústinde islew kónlikpeleri bar ma, joq pa hám t.b. bularǵa tek qánige juwap beriwi múmkin. Bolajaq rejissyor hám aktyorlar “Saxna sózi”niń bunday quramalı tarawların tájiriybeli pedagog – qánige basshılıǵında ózgertiwleri lazım “Aktyor sózdiń skulptorı bolıwı kerek” – deydi K.S.Stanislavskiy [2, 36-b].

P.Ershov óziniń “Sóz hám sózsiz háreket logikası” (Logika slovesnix i besslovesnix deystviy) kitabında gáp dúziw logikasına úlken itibar qaratqan. “Gáp dúziwdiń ishki psixikalıq tárepi bolmıstı úzip-julıp, kútilmegen baylanıslı bólimlerge bólip emes, usı bolmıstıń óz-ara baylanıslı táreplerin toplaǵan halda bir pútin kóre alıwshılıq penen baylanıslı. Gáp dúziwdiń (lepka frazı) sırtqı fizikalıq tárepi onıń anıq hám tınıq sáykesligi, garmoniyasında bolsa, onıń grammatikalıq hám de ruwxıy qurılması sáwleleniwi tiyis.

Sóz háreketiniń bul eki tárepi bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Egerde aktyor ishki ayna menen aytıp atırǵan gápiniń ne haqqında ekenligin ańlasa, mánis hám mazmunın shaǵıp, neni hám ne ushın aytıp atırǵanın bilse, ol bul haqqında arnap

UO'K 004
KBK 94
O' 17
2026 / 1 (3)

oylap otırmaydı, gáp óz-ózinen óziniń formasın tabadı. Yaki onıń kerisi , egerde aktyor gáp dúziw qaǵıydaların bilse, mánisin ashıwǵa háreket etse bul óz náwbetinde aktyordıń oylawın qozǵatıwǵa járdem beredi. Birinshiden, gápti túrli tárizde jasaw, dúziw onıń mánisine anıqlıq kirgizedi, bayıtadı hám ishki aynanıń betindegi kórinisti jaqtılandıradı. Ekinshiden, hár bir gápti hár qıylı kórsetip beriw arqalı gápke túrli mánis, hátteki keri mánisti de beriwi múmkin.

Úshinshiden, gápti dúziw hám onıń anıq sóylewin tuwrı túsindirip beriw sóz astı mánisin ashıp beriwge baylanıslı boladı" [3, 18-b].

Aktyordıń waqıt hám zaman birliginde tapqan úskeneleri onıń qábileti haqqında dárek beredi. Bul princip sóz háreketi hám sóylewdiń anıq sóylew baylıǵınada tiyisli. Partnyor sanasına haqıyqıy tásir etpekshi bolǵan insan hesh qashan uzaq waqıt dawamında bir qıylı sóylewden, usıldan paydalanbaydı.

Únleslik baylıǵına erisiw ushın aktyor, birinshiden – elesletiwdi jetilistiriw, bayıtıwı zárúr. Aytıp atırǵan gápi astında turǵan kórinisti ishki aynasında jaqtılı, simvollıq tárizinde kóriwi kerek. Ekinshiden-sóz hám gáptiń anıq hám tegis jetkeriw kónlikpesine iye bolıwı hám úshinshiden-sóz háreketi metodınan sheberlik penen paydalanıwı tiyis. Tamashagóy waqıyalar aǵımın sóz arqalı túsinip aladı. Sózdiń anıq hám tegis jetip kelmewi, tásirsizligi, mıńǵırlap, shaynalıp sóylewi-birinshi náwbette tamashagóyge, qalamasına avtor hám óziniń kásibine qaray húrmetsizlik belgisi esaplanadı.

### *Paydalanílǵan ádebiyatlardíń*

*1. Станиславский К. «Танланган асарлар». – Москва: Искусство, 1954–1961. 2-жилд, – 385 б.*

*2. Станиславский К. Собрание сочинений в 8 томах. – Москва:Искусство, 1954–1961. – 3392 б.*

*3. Ершов П. Логика словесних и бессловесних действий. – Москва, 1989. – 161 б.*